Minisipalite Vil Nouyòk ogmante aplikasyon liy otobis yo, avèk tou itilizasyon kamera. Liy otobis yo make avèk pano epi yo la pou otobis yo sèlman. Si w ap kondi, estasyone, oswa kanpe machin ou nan yon liy otobis pandan orè fonksyònman, w ap peye yon amann ant $115 ak $150. Pou jwenn plis enfòmasyon ak yon vèsyon panyòl tiliv sa a, tanpri ale nan sit wèb **www.nyc.gov/brt** oswa **rele 311.**

For more information, visit:

Para obtener más información visite:

Более подробно читайте здесь:

如需更多資訊，請瀏覽：

자세한 내용은 다음 사이트를 방문하십시오:

Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite:

Per ulteriori informazioni visitate :

www.nyc.gov/brt

NYC 311

NEW YORK CITY DOT

MTA New York City Transit

Aplikasyon Liy Otobis

Si w ap kondi, estasyone oswa kanpe machin ou nan yon liy otobis pandan orè fonksyònman, w ap peye yon amann ant $115 ak $150. Minisipalite Vil Nouyòk aplike liy otobis yo nan de (2) fason:

Kamera nan Liy Otobis: Minisipalite Vil la enstale kamera toutolon liy otobis yo pou jwenn moun ki vyole règ sikilasyon sou liy otobis yo. Yo mete pano toutolon wout ki genyen kamera sou liy otobis yo kòm avètisman siplemantè pou chofè yo pa antre sou liy otobis yo, sof pou viraj yo aksepte ak pou pran ak depoze pasaje.

Aplikasyon Lapolis: Depatman Lapolis Vil Nouyòk ap fè patwouy regilyèman sou liy otobis yo, epi y ap bay kontravansyon pou moun ki vyole règ sikilasyon liy otobis yo.

Tiliv sa a disponib an
Español
Русском
中文
한국어
Kreyòl Ayisyen
Italiano

5 Bagay Ou Ta Dwe Konnen Sou Liy Otobis Vil Nouyòk



Pou Kisa yon Liy Otobis?

Plis pase de (2) milyon edmi moun pran otobis chak jou nan Vil Nouyòk. Otobis yo diminye sikilasyon machin ak polisyon lè paske yo gen plis espas epi yo boule mwens gaz.
Liy otobis yo pèmèt otobis yo pa bloke nan sikilasyon, sa ki fè deplasman nan otobis yo rapid ak pi enteresan.

Kijan mwen kapab antre nan yon Liy Otobis?

Pou fè viraj adwat nan lari ki genyen yon liy otobis: Sof si gen restriksyon kontrè, veyikil yo gen pèmisyon nan liy otobis la pou fè pwochen viraj adwat ki disponib lan. Pou fè yon viraj adwat, antre nan liy otobis la san pwoblèm pou rive nan pwent blòk kote w ap fè viraj la.

Pou pran ak depoze yon pasaje nan koub ki nan lari ki gen yon liy otobis: Si li posib, fè aranjman pou pran ak depoze pasaje kote pa genyen yon liy otobis — akote lari a, oswa sou kote lari a, pa egzanp. Men, ou kapab kanpe machin ou nan liy otobis la pandan moman li pran pou yon pasaje kanpe nan koub la pou antre oswa yon pasaje pou sòti nan veyikil la epi pou monte sou twotwa a.

Pou fè ak resevwa yon livrezon nan yon biznis oswa nan yon kay nan lari ki gen yon liy otobis: Ou pa kapab pran ak delivre machandiz nan yon liy otobis pandan lè règleman an anvigè. Anpil liy otobis genyen orè mitan jounen lè gen pèmisyon pou estasyònman ak livrezon. Kèk lari ki gen liy otobis genyen tou espas pou livrezon sou yon koub opoze oswa yon lari apa. Itilize orè ak espas sa yo pou livrezon, oswa pwograme pou fè livrezon an anvan oswa apre règleman liy otobis yo anvigè.

Kisa yon Liy Otobis ye?

Se yon liy vwayaj ki la pou otobis yo sèlman pandan sèten lè nan jounen an. Pandan moman sa a, lòt veyikil yo kapab antre nan yon liy otobis la sèlman pou fè pwochen viraj adwat ki disponib lan, oswa pou depoze ak pran pasaje byen vit. **Si ou vyole règleman liy otobis la, sa ap lakòz ou peye yon amann $115 - $150.**

Veyikil ki gen ijans yo se sèlman lòt veyikil ki gen pèmisyon pou kondi nan yon liy otobis. Tout lòt veyikil yo kapab antre nan yon liy otobis sèlman pou fè pwochen viraj adwat ki disponib lan, oswa pou depoze ak pran pasaje byen vit.

Kalite Liy Otobis

Yon liy otobis sou kote twotwa se yon liy vwayaj pou otobis yo nan koub la. Ou pa gen pèmisyon pou estasyone ak kanpe machin ou pandan lè règ liy otobis la anvigè.

Yon liy otobis lateral se yon liy vwayaj pou otobis sou liy ki lwen ak koub la. Sa fè li toujou posib pou estasyone ak kanpe machin.